

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran nu ditétélakeun di bab IV, kapanggih aya 77 data paguneman nu kaasup kana tindak tutur humoris. Sakabéh data nu kaasup tindak tutur humoris tuluy dipasing-pasing kana tujuan nu rék dihontal. Bisa dicindekkeun kana opat hal nyaéta (1) daya humoris, (2) prinsip pragmatik, (3) pola interaksi sosiopragmatik, (4) kontéks situasi sosiopragmatik.

- a. Dina naskah drama longsér “Nu Garering” karya Dhipa Galuh Purba kapaluruh aya 12 rupa daya humoris nyaéta nyaéta (1) métafora réalistis, (2) métafora déskriptif, (3) métafora similitif, (4) métafora kontrasif, (5) métafora éksplanatoris, (6) métafora interpretatif, (7) métafora sinonimi, (8) métafora homonimi, (9) métafora asimilasi, (10) métafora tarjamahan, (11) métafora pasalia, jeung (12) métafora nyimpang (*plesetan*). Daya humoris métafora réalistis kaasup pangréana muncul (15 data tindak tutur) lantaran saenyana kabéh data daya humoris saupama teu leuwih lanjut dianalisis mangrupa kana daya humoris métafora réalistis. Humor pasti muncul dikasangkutanan ku réalita nu diomongkeun. Dina prak-prakan analisis, data daya humoris loba nu ngahususkeun kana papasingan daya humoris. Pangsaeutikna katitén dina daya humoris métafora similitif, asimilasi, jeung tarjamahan nyaéta 1 data.
- b. Dina naskah drama longsér “Nu Garering” karya Dhipa Galuh Purba ngawengku 2 prinsip, nyaéta prinsip rempug jukung maluruh kana 4 maksim nyaéta (1) maksim kuantitas, (2) maksim kualitas, (3) maksim rélevansi, (4) maksim cara, sarta prinsip kasopanan nu maluruh kana 6 maksim nyaéta (1) maksim kawijaksanaan, (2) maksim handap asor, (3) maksim pangcocog, (4) maksim katumarima, (5) maksim kasimpat, jeung (6) maksim balabah. Maksim kawijaksanaan kaasup pangréana muncul (15 data tindak tutur) lantaran ieu humor bakal bisa kapaluruh lantaran panggampangna muncul saupama ngarempak kana nilai kawijaksanaan jeung tatakrama nu aya. Ilaharna,

- komunikasi nu sakuduna kudu nyieun mitra tutur ngarasa dihargaan . Pangsaeutikna nyaéta dina maksim pangcocog nu kapaluruh aya 2 data.
- c. Pola interaksi panyatur dina naskah drama longsér “Nu Garering” karya Dhipa Galuh Purba kapaluruh aya 2 pola nyaéta rantayan ngaranté jeung rantayan meulit. Pola interaksi panyatur rantayan ngaranté kaasup pangréana (56 data tindak tutur) lantaran paguneman dina ngamunculkeun humoris ilaharna diwangun ku dua jelema sarta miboga pola tanya-jawab. Sésana mangrupa pola interaksi rantayan meulit.
 - d. Kontéks situasi nu mangaruhan kana lumangsungna tindak tutur humoris nyaéta aspék idéntitas partisipan, waktu jeung tempat komunikasi, topik tuturan, jeung udagan tuturan. Aspék idéntitas partisipan mangrupa faktor nu mangaruhan pisan nepi ka nimbulkeun humor.

5.2 Implikasi

Ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban jeung ngajembaran paélmu linguistik, hususna dina widang pragmatik. Dina kajian sosiopragmatik hususna nu can dipikawanoh ku masarakat. Panalungtikan ngeunaan sosiopragmatik dina basa Sunda pangnamah masih saeutik nu medar. Saupama élmu sosiopragmatik geus loba kapedar dina panalungtikan-panalungtikan séjén, bisa ngabandingkeun antara sosiolinguistik jeung sosiopragmatik sacara mandiri.

Dina kahirupan sapopoé, pangna pikeun nu maca ieu panalungtikan bisa ngarti cara nimbulkeun hal pikaseurieun dina komunikasi sapopoé. Tapi, kudu luyu kana kontéks jeung ajén-ajén nu sumebar di masarakat.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil analisis jeung kacindekan nu didadarkeun di luhur, aya sababaraha rékoméndasi patali jeung ieu panalungtikan

- a. tiori nu dipaké dina papasingan daya humoris kawilang anyar, sarta kurang rujukan nu ditambah pikeun ngeuyeuban tiori nu dipaké keur ngolah data. Dipiharep dina panalangtikan salajengna bisa matalikeun jeung

ngolaborasikeun jeung tiori ngeunaan humor dina bahasa Indonesia nu leuwih jembar;

- b. ayana panalungtikan husus pikeun ngaguar hal-hal nu ngarempak prinsip pragmatik sarta nimbulkeun humor, tur disebutkeun faktor-faktor nu nyababkeunna;
- c. panalungtikan ngeunaan sosiopragmatik dina basa Sunda masih kawilang kurang pisan. Rujukan dina basa Sunda ogé saeutik. Dipiharep loba nu resep pikeun ngalanjutkeun panalungtikan ngeunaan sosiopragmatik. Utamana patali jeung kontéks situasi katut kontéks kabudayaan, ogé pola panyatur dina komunikasi nu kawilang loba kénéh; jeung
- d. dipiharep ayana panalungtikan tatakrama basa sunda nu nyampak dina timbulna komunikasi humor. Sumber data nu ditalungtik teu kudu nyoko kana bahan tinulis hungkul. Aya sababaraha sumber data bahan lisan saperti rubrik “Cangéhgar”, jsb.